

# CARE CONNECTION

ETE 2018

BATI LAVI AN SANTE



Mwa out la se mwa nasyonal pou ede moun konprann tout sa ki gen rapò ak vaksinasyon.

Si w gen yon pwoblèm sante kwonik, pwogram jesyon dosye ki konplèks gendwa ede w.

Prestige Health Choice<sup>SM</sup> kwè li enpòtan pou manm li yo gen aksè ak swen bon kalite.





# Mwa out la se mwa nasyonal pou ede moun konprann tout sa ki gen rapò ak vaksinasyon

Gade dosye vaksinasyon pitit ou yo. Asire w yo ajou pou tout piki yo anvan yo retounen lekòl.



Se moman pou timoun yo retounen lekòl. Nan tout eta Florid la, timoun yo ap prepare sakado ak tout sa yo bezwen pou yo retounen lekòl. Paran yo ta dwe prepare pou sa tou. Asire w pitit ou pran tout piki li sipoze resevwa yo. Li enpòtan pou timoun yo vaksine pou yo pwoteje kont maladi ki grav. Gen vaksen pou maladi tankou polyo, lawoujòl, koklich ak saranpyon. Li posib pou lekòl la mande pitit ou resevwa yon seri vaksen anvan li aksepte l.

Eta Florid la mande tout timoun yo ajou ak vaksen yo anvan yo ale lekòl. Fè bagay sa yo pou asire w pitit ou pare:

- Pitit ou bezwen yon fòmilè sètifikasyon vaksinasyon (Florida Certification of Immunization, oswa fòmilè DH 680). Sa pwouve li resevwa vaksen ki obligatwa yo.
- Kenbe dosye vaksinasyon pitit ou yo ajou. Kenbe yo yon kote ou pap pèdi yo.
- Gade dosye vaksinasyon pitit ou yo. Pran randevou kay doktè prensipal (PCP) pitit ou depi kounye a pou l ka resevwa w anvan lekòl la kòmanse.
- Mande PCP a yon kopi dosye vaksinasyon l lan si w pa genyen l. Epitou, ou ka jwenn yon kopi sou sit sou [www.floridahealth.gov](http://www.floridahealth.gov).
- Lè pitit ou pran yon vaksen, fè moun k ap pran swen l lan konn sa.
- Ale sou pou jwenn plis enfòmasyon sou vaksen yo. Ale sou [www.cdc.gov/vaccines](http://www.cdc.gov/vaccines) pou jwenn plis enfòmasyon.



## Vaksinasyon se yon bagay ki enpòtan pou yon fi ki ansent rete an sante

Si w ansent, vaksinasyon gendwa pwoteje w ak bebe w. Vaksinasyon pou grip ak pou koklich ka pwoteje bebe w.

Si w ansent, gen plizyè bagay ou ta dwe konnen konsènan vaksinasyon:<sup>1</sup>

- Piki se yon bagay ki ede ni ou menm ni bebe w. Ou ka transmèt antikò bay pitit ou ki poko fèt la. Sa ka ede l goumen kont yon maladi.
- Se pandan premye mwa yo apre yon timoun fèt li gen plis chans pran grip ak koklich. Yon tibebe ki fèk fèt twò jèn pou l vaksine. Pi bon fason pou pwoteje l se lè manman an pran piki kont grip ak koklich pandan l ansent.
- Gen kèk vaksen ki ka pèdi efikasite yo avèk letan. Li rekòmande pou fi ki ansent yo pran vaksen kont grip ak koklich chak lè yo ansent.

Sous:

1. "Communication Toolkit: Pregnant Women," National Public Health Information Coalition," <https://www.nphic.org/niam-pregnantwomen> (nou konsilte l nan 28 jen 2018).

# Vaksinasyon se yon bagay ki enpòtan pou adolesan ak timoun ki prèske adolesan tou

Ofiramezi yon timoun ap grandi, bezwen l yo chanje nan domèn sante. Timoun ki prèske adolesan ak adolesan yo ka bezwen piki pandan y ap grandi. Yo ka bezwen piki rapèl pou vaksen yo te gentan pran yo, oubyen yo ka bezwen nouvo vaksen.

Men kèk bagay ou bezwen konnen konsènan piki pou timoun ki pi gran yo:<sup>1</sup>

- Gen kèk vaksen yon timoun resevwa ki ka pèdi efikasite yo avèk letan. Li enpòtan pou timoun nan resevwa yon vaksen rapèl pou tetanòs, difteri ak koklich (Tdap) pou l ka toujou pwoteje kont maladi sa yo.
- Timoun ki prèske adolesan ak adolesan yo ka gen plis chans pran lòt maladi, tankou menengokoksi ak viris paipyòm men. Maladi sa yo ka danjere anpil e yo ka menm lakòz kèk kalite kansè. Vaksen yo ka pwoteje yon moun kont maladi sa yo.
- Tout moun ta dwe pran yon piki kont grip la chake ane, kèlkeswa laj yo. Timoun ki prèske adolesan ak adolesan yo ladan l tou. Etandone viris grip la evolye avèk letan, li bon pou w pran yon nouvo piki chak ane.

Sous:

1. "Communication Toolkit: Preteens & Teens," National Public Health Information Coalition, <https://www.nphic.org/niam-preteenteens> (nou konsilte l nan dat 28 jen 2018).

# Pwogram jesyon itilizasyon ka ede w evite danje

Nou sèvi ak zouti jesyon itilizasyon pou asire nou medikaman sou preskripsyon w ap pran yo pa prezante okenn danje pou ou. Kèk nan zouti sa yo se otorizasyon alavans, limit sou kantite, terapi pa etap, ak egzamen medikaman.

## Otorizasyon alavans

Ou bezwen yon otorizasyon alavans pou kèk kalite medikaman. Sa vle di gen kèk kondisyon ki dwe ranpli anvan nou aksepte peye pou yon medikaman.

## Limit sou kantite

Nou aplike limit sou kantite pou kèk kalite medikaman. Limit sa yo depann de limit dòz yo tabli nan kad pwosesis apwobasyon Food and Drug Administration (FDA) nan. Limit sou kantite sa yo aplike sou kantite medikaman yo ba w pou chak preskripsyon.

## Terapi pa etap

Terapi pa etap la vle di ou sipoze eseye yon medikaman patikilye anvan w ka jwenn yon lòt medikaman. Si premye medikaman an pa travay, nou gendwa peye pou yon lòt medikaman pou trete pwoblèm sante w la.

## Egzamen medikaman nan kad jesyon itilizasyon

Prestige Health Choice reyalize egzamen medikaman nan kad pwogram jesyon itilizasyon an pou tout manm yo. Nou fè sa pou asire nou manm yo resevwa swen ki efikas e ki pa prezante danje pou yo. Se yon bagay ki enpòtan pou manm ki jwenn medikaman sou preskripsyon nan men plizyè pwofesyonèl sante. Si Prestige Health Choice jwenn yon pwoblèm pandan yon egzamen jesyon itilizasyon, li travay ak pwofesyonèl sante w la pou ranje pwoblèm sa a.

### Konsènan pwogram jesyon itilizasyon nou an:

- **Lè nou pran dezisyon nan kad jesyon itilizasyon, nou annik konsidere si swen ak sèvis yo apwopriye e si yo fè pati swen ak sèvis nou peye pou yo.**
- **Prestige Health Choice pa rekonpanse pwofesyonèl sante oswa anplwaye yo si yo refize ba w yon sèvis.**
- **Moun ki pran dezisyon nan kad jesyon itilizasyon an pa touche okenn bagay ki t ap motive yo pou pran dezisyon pou w jwenn mwens avantaj.**
- **Manm ki bezwen èd nan lang pa yo ka jwenn entèprèt gratis pou ede yo. Rele ekip Sèvis pou manm yo pou mande èd sa a nan **1-855-355-9800 (nimewo TTY se 1-855-358-2856 pou moun ki pa tande byen).****



## Fason w ka sèvi ak avantaj famasi w yo

Pwofesyonèl sante w ka ekri yon preskripsyon pou yon medikaman famasyen w lan pral remèt ou. Pwofesyonèl sante yo ta dwe konsilte lis medikaman nou prefere yo (Preferred drug list, PDL) pou konnen ki medikaman nou prefere. PDL la disponib sou sit Entènèt nou an nan adrès [www.prestigehealthchoice.com](http://www.prestigehealthchoice.com). Rapò rezime chanjman yo, ki gen dènye chanjman nou pote nan PDL la, disponib sou sit [http://ahca.myflorida.com/medicaid/Prescribed\\_Drug/pharm\\_thera/fmpdl.shtml](http://ahca.myflorida.com/medicaid/Prescribed_Drug/pharm_thera/fmpdl.shtml).

Ou pap peye anyen pou medikaman sou preskripsyon nou peye pou yo. Montre kat idantifikasyon manm ou an lè w al chèche medikaman sou preskripsyon w yo. Si w gen kesyon, rele ekip Sèvis famasi pou manm yo nan **1-855-371-3963**.

### Ki sa otorizasyon alavans (apwobasyon alavans) ye?

Pwofesyonèl sante w gendwa mande nou otorize yon medikaman ki pa nan lis medikaman nou prefere yo, sètadi sou PDL la. Se jan de medikaman sa yo ki bezwen yon otorizasyon alavans. Pwofesyonèl sante w ap gen pou l voye yon fòmilè demann otorizasyon alavans bay Prestige Health Choice. N ap egzamine fòmilè a epi n ap fè pwofesyonèl sante w ak ou menm konnen desizyon nou.

Si Prestige Health Choice pa otorize medikaman an, n ap voye w yon lèt pou di w poukisa. Lèt la ap fè w konnen fason ou ka depoze yon apèl si w ta renmen fè sa.

## Si w gen yon pwoblèm sante kwonik, pwogram jesyon dosye ki konplèks gendwa ede w

Èske w gen yon pwoblèm sante ki grav ak/oswa ki kwonik? Si se sa, ou gendwa kalifye pou pwogram jesyon dosye ki konplèks. Pwogram jesyon dosye ki konplèks pèmèt manm ki gen bezwen patikilye resevwa swen ki espesyalize ak sèvis sipò. Li ka ede manm yo jere plizyè bezwen medikal e li ka ede yo amelyore kalite lavi yo an jeneral.

Nou ofri manm nou yo pwogram jesyon dosye ki konplèks la gratis, depi yo kalifye e yo gen yon pwoblèm sante ki kwonik. Pa egzanp, dyabèt ak maladi kadyovaskilè se pwoblèm sante ki kwonik.

Gen plizyè fason ou ka enskri nan pwogram jesyon dosye ki konplèks:

- Mande PCP ou rekòmande w pou pwogram sa a.
- Ou menm oswa moun k ap pran swen a lan ka rele ekip Repons rapid nou an pou rekòmande w tou. Yon manadjè dosye ki suiv yon fòmasyon espesyal pral pale avè w oswa ak yon manm fanmi w pou eksplike w ki opsyon ou genyen. Rele ekip Repons rapid la nan **1-855-371-8072 (711 pou moun ki pa tande byen)**.
- Ou ka rele liy telefonik enfimiyè nou an. Yo pral ede w pou rekòmande w nan pwogram sa a. Liy telefonik enfimiyè an disponib 24 è sou 24, sèt jou sou sèt. Rele nan **1-855-398-5615 (711 pou moun ki pa tande byen)** pou jwenn plis enfòmasyon.
- Si w lopital, planifikatè egzeyat lopital la ka rekòmande w pou pwogram sa a anvan yo egzeyate w.

Nou poste yon lis ki gen tout medikaman plan nou an peye pou yo sou sit Entènèt nou an. Yo rele lis sa a fòmilè medikaman yo. Lis sa a pral ede PCP ou ak lòt pwofesyonèl sante w yo preskri w medikaman ou bezwen yo. Pou jwenn dènye enfòmasyon sou fòmilè medikaman nou an, ale sou sit [www.prestigehealthchoice.com/member/eng/find-provider/index.aspx](http://www.prestigehealthchoice.com/member/eng/find-provider/index.aspx).



# Konsèy pou rete an sekirite lè w ap naje


Naje se yon bèl egzèsis. Isit nan Florid, nou ka naje pandan tout ane a. Pisin se yon bèl kote pou pran plezi w. Malerezman, plis pase 300 timoun ki poko gen 14 an neye nan pisin ak nan spa chak ane.<sup>1</sup>

Rete an sekirite lè w nan dlo oswa toupre dlo. Men kèk konsèy k ap ede w ak fanmi w rete an sekirite:<sup>2</sup>

- Se pou w naje sèlman si gen yon mèt naje ki la.
- Itilize sistèm zanmi an. Se pou w naje sèlman si w gen yon moun avè w. Pa kite pèsoun naje poukont li.
- Si gen moun nan fanmi w ki pa konn naje, mande yo pran kou pou aprann naje. Yo gendwa bay kou pou aprann moun tout laj naje nan zòn kote w rete a.
- Pa janm kite yon timoun piti poukont li bò yon dlo. **Lè gen timoun k ap naje, ta dwe gen yon adilt ki toujou la.**
- Mete yon jile sovta j oswa yon lòt bagay pou flote sou timoun ki pa konn naje lè yo toupre pisin nan.
- Montre timoun yo fason pou yo rete an sekirite nan pisin nan. Entèdi yo kouri oswa jwe yon fason ki brital toupre pisin nan.

Sous:

1. "Know the Facts: Fatal Child Drownings," PoolSafety.gov, <https://www.poolsafely.gov/know-the-facts-fatal-child-drownings/> (nou konsilte l nan dat 27 jen 2018).
2. "Water Safety," American Red Cross, <http://www.redcross.org/get-help/how-to-prepare-for-emergencies/types-of-emergencies/water-safety> (nou konsilte l nan dat 27 jen 2018).
3. "Steps of Healthy Swimming," Centers for Disease Control and Prevention, <https://www.cdc.gov/healthywater/swimming/swimmers/steps-healthy-swimming.html> (nou konsilte l nan dat 27 jen 2018).



## Ou menm oswa yon manm fanmi w ka tonbe malad si mikwòb vin kontamine dlo a

Men kèk bagay fasil ou ka fè pou evite pran yon maladi nan pisin nan:<sup>3</sup>

- Èske pisin nan sanble pwòp? Si pa gen bonjan mentnans ki fèt nan pisin nan, mikwòb yo gendwa gaye pi fasil. Asire w ou pwòp anvan w antre nan pisin nan. Pa antre nan pisin nan si w gen likid ki koule nan kò w oswa salte sou ou.
- Gade rezilta dènye enspeksyon ki te fèt nan pisin nan. Rezilta enspeksyon sa yo ap fè w konnen si w ka naje nan dlo a san danje. Rezilta sa yo ta dwe disponib pou w ka egzamine yo.
- Ou ta dwe kapab wè dren pisin nan san pwoblèm.
- Asire w kouvèti dren ki nan fon pisin nan pa kase.
- Nivo pH pisin nan ta dwe ant 7,2 ak 7,8.
- Konsantrasyon klò oswa bwomin ki nan pisin nan ta dwe omwen 1 pati pa milyon.



## Prestige Health Choice kwè li enpòtan pou manm li yo gen aksè ak swen bon kalite

Misyon Prestige Health Choice se ede moun yo jwenn swen, rete an sante epi bati kominote ki an sante.

Ekip Amelyorasyon kalite nou an la pou ede nou ranpli misyon sa a. Nou chèche fason pou n sèvi manm nou yo pi byen:

- Nou chèche fason nou ka amelyore sèvis medikal ak sèvis prevansyon nou yo.
- Nou ede manm yo resevwa enfòmasyon yo bezwen yo nan domèn swen ak sante.
- Nou ofri pwogram jesyon maladi ak swen prevansyon.
- Nou ede manm nou yo resevwa swen kote yo ye a e nou ede yo jwenn kote pou yo resevwa swen yo bezwen yo.
- Nou siveye kalite swen pwofesyonèl sante yo bay manm nou yo. Sa gen ladan l sèvis medikal, dan, vizyon ak famasi.
- Nou kreye pwogram pou manm ki gen bezwen swen sante espesyal.

Si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou pwogram Amelyorasyon kalite nou an, tanpri rele ekip Sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800**.

### Rapèl:

- Si pitit ou prèske gen 18 an, l ap gen pou l sispann al kay yon pedyat (doktè pou timoun) pou l al kay yon doktè pou adilt. Pou jwenn yon PCP pou adilt, ou ka sèvi ak zouti ki rele Find a Provider sou sit Entènèt nou an nan adrès **www.prestigehealthchoice.com**. Epitou, ou ka rele ekip Sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (nimewo TTY se 1-855-358-5856 si w pa tande byen)**.
- Si w fèk enskri nan plan sante nou an, tanpri pran randevou kay PCP ou nan 90 jou apre w enskri. Si w pa gen PCP, nou kapab ede w jwenn youn. Ale sou sit Entènèt nou an nan **www.prestigehealthchoice.com**. Epitou, ou ka rele ekip Sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (nimewo TTY se 1-855-358-5856 si w pa tande byen)**.





## Jere sante w sou Entènèt grasa pòtay manm yo

Pòtay manm nou an pèmèt ou kontwòle swen w yo. Enskri jodi a pou w byen pwofite bonjan zouti sante nou yo. Si w te gentan itilize pòtay manm yo deja, retounen sou li. Li gen kèk nouvo karakteristik k ap ede w jere sante w.

Pòtay manm yo ede w pi byen jere swen w yo:

- Rete ajou ak antesedan sante w yo. Siveye eta sante w. Suiv demann ou te fè yo ak sèvis sante ou te resewva yo. Gade ki medikaman sou preskripsyon ou te resewva nan de ane ki sot pase yo.
- Jere medikaman w yo. Pa kite pou se yon poban ki vid ki fè w sonje ou bezwen ak chèche medikaman w yo. Nou ka voye w yon avi elektwonik lè w bezwen al chèche medikaman w yo.
- Gade sa k ap pase ak demann ou te fè yo. Chèche konnen sa swen sante w yo koute, sa dènye randevou w la te koute ak sa k ap pase nan pwosesis apwobasyon pou demann ou te fè yo.
- Annik klike sou ekran an pou jwenn yon pwofesyonèl sante. Ou ka sèvi ak pòtay manm yo pou chwazi yon PCP oswa yon espesyalis nan yon sèl bat je.
- Mande yon nouvo kat idantifikasyon. Si w pèdi kat idantifikasyon w lan oswa si w bezwen ranplase l, ou ka mande youn sou Entènèt.
- Gade sa k ap pase ak sante w sou yon sèl ekran. Ou gen bezwen ki inik nan domèn sante. Patisipe nan yon evalyasyon sante sou Entènèt pou dekouvri bezwen sa yo ak risk ou genyen nan domèn sante. Jwenn konsèy ki adapte ak sitiyasyon pa w la.
- Vin maton nan pran swen sante w. Dekouvri plizyè milye atik k ap ba w enfòmasyon sou sante e k ap ede w viv an sante.

Èske w pare pou pwofite tout sa ki disponib pou ede w jere sante w? Konekte. Ret konekte. Ale sou [www.prestigehealthchoice.com](http://www.prestigehealthchoice.com) jodi a pou enskri.

## Gade sa k fèk parèt sou sit la

Nou ta renmen ede w byen pwofite tout avantaj ki mache ak plan sante w la. Ou ka jwenn enfòmasyon sou avantaj ou yo, li kèk atik sou nouvo sèvis yo epi jwenn yon nouvo pwofesyonèl sante sou sit Entènèt nou an. Ale sou sit Entènèt nou an nan adrès [www.prestigehealthchoice.com](http://www.prestigehealthchoice.com).

### Men kèk nan dènye enfòmasyon nou poste yo:

- Dènye enfòmasyon sou sante konpòtmantal. Jwenn enfòmasyon sou fason w ka jwenn sèvis sante konpòtmantal, dekouvri ki diferan tretman ou ka resewva, oswa jwenn yon pwofesyonèl swen sante konpòtmantal sou sit la.
- Enfòmasyon sou medikaman yo mande tout moun retounen. Chèche konnen ki medikaman sou preskripsyon fabrikan yo mande tout moun retounen an 2017 ak 2018, oswa jwenn yon lyen pou ale sou sit Entènèt FDA a..
- Enfòmasyon ki enpòtan sou Healthwise. Jwenn enfòmasyon sou pwoblèm sante ak maladi sou Entènèt.
- Sante ak byennèt manm yo. Aprann sa w ka fè pou pwoteje tèt ou ak fanmi w kont grip la.
- Sante ak byennèt manm yo. Dekouvri ki kote w ka fè yon mamografi, ki jan w ka jwenn yon pwofesyonèl sante sou lis pwofesyonèl ak etablisman sante ki sou sit nou an, ak lòt enfòmasyon ki enfòmasyon nan domèn sante ak byennèt.

Prestige Health Choice bay moun ki andikape oswa moun ki pa pale anglè byen èd ak sèvis tradiksyon gratis. Sa gen ladan l entèprèt ki kalifye ak enfòmasyon ki ekri nan lòt lang. Si w bezwen sèvis sa yo, rele ekip Sèvis pou manm yo nan **1-855-355-9800 (nimewo TTY/TDD se 1-855-358-5856 pou moun ki pa tande byen yo)**. Ekip sa a disponib 24 è sou 24, 7 jou sou 7.

Health and wellness or prevention information  
Información de la salud y el bienestar o preventiva  
Enfòmasyon prevansyon oswa enfòmasyon  
konsènan sante ak byennèt

PRES-18259693

# CARE CONNECTION

ETE 2018

BATI LAVI AN SANTE

**Mwa out la se mwa nasyonal  
pou ede moun konprann tout  
sa ki gen rapò ak vaksinasyon.**

**Si w gen yon pwoblèm sante  
kwonik, pwogram jesyon dosye  
ki konplèks gendwa ede w.**

**Prestige Health Choice<sup>SM</sup>  
kwè li enpòtan pou manm li  
yo gen aksè ak swen bon kalite.**

